UBBITE

Nekkinu askan wi taxul mu tane doonte réew mi def na ay jéego yu am solo ngir jëme kanam koom gi. Ñàkk gi toxuvul, xanaa kay di fexe nu mu gën a lawe, ndaxam réew mi nas na, tëral na i pexe, tënk leen cib téere maanaam ciw wayndare ngir di ca niite saa su nekk fu xeexub ñàkk gi tollu. Ci wàllu njàng, réew mi dese na lu baree bari ; xaajul a jege la mu nasoon ne dina ko def ngir mataley jëmuwaayam ci wàllu njàng. Xoolal rekk moom (Senegaal) jàppoon na ni, nasoon na ni dina matale njàng mi ci doomi réew mépp, ci jamoni jii nu tollu. Njàng mu lalu mi, maanaam miy jiitu, ngunkam ci 70 % la tollu. Loolu mooy : ci 100 xale yu war a jàng yu nekk, 70 ya kese, doææ ñooy dem lekool, ñooy jàng! Te kat lii du dara booy seet ni njàng mépp di doxe ci réew mi ! Aa, seetaal rekk : ngunku lépp luy njàng, ci réew mi mu ngi tollu ci 32 %. Loolu mooy : ñi war a jàng, tollu ci njàng, 100 ñoo ci jël, 32 ya kott ñooy jàng ; doy na waar de, am déet ? Ñi jàngul tus nag ñoom, maanaam ñi jàngul jëme ndey joor walla càmmooñ ëpp nañu genn-wàllu askani wi. Te kat li nuy wax nii lépp, dafa fekk waxaguñu, ci wàllu njàng mi, fi jigéen ñi tollu. Ñoom nag, seeni bir, ci lu jëm cim njàng walla tàggat xel, dafa doy waar ba yéeme sax ; 100 yoo jël ci jigéeni réew mi, 70 ya ak lu tegal, jànguñu tus ! Goór ñi ñoom, 48,9 % ñoo ci jàngul.

Lii nag, gëstoo koy wone, di ko dëggal, di ko biral. Moo tax bi ko kilifay réew mi nangoo, campeefi àddina si ñëw jàpple leen, ngir ñu fexee taxawal /tëral pexem song ndoól/ñàkk gi, ngir wàññi ko bu baax a baax, ndax li ñu wax ci kaw lépp, darrra sababu ko lu dul ag ñàkk.

Ci noonu kon, Ef-Em-Ii ak Bànk Monjaal (ñooy mooñ alali dunyaa bépp) dugal seen loxo ci matuwaay yi réew mi di soxlaji, ngir jàpple ko. Lii kon moo sabab costeg wayndare wi jëkk, wi ëmb pexe yi ñuy taxawal ngir wàññi ñàkk gi.

Doxalin ci wàllu koom ak doxalin ci nekkinu askan wi, ñoom la wayndare wi ëmb, gannaaw ba ñu yaatalee bu baax ñi xalaat la mu ëmb, te yit ñu juboo ci ne : netti at yu ne ñu mooñaat ko, moom wayndare wi/xét yi.

Wayndara/xét wi Senegaal mooñal boppal, i farandoom nangul nañu ko ko, rawatina campeef yi nekk Amerig te æank alali àddina sépp ; ñu ngi ko ko nangul ci desambar 2002, gannaaw ba réew mi sàkkoo, ngir tabax/taxawal wayndare woowu, xalaati way-jariñoo yépp walla way-jëf yépp.

Bi nguur gi ci boppam nangoo/àndee ca la mu ëmb, ci desàmbar 2001, ci la réew mi sóobu ci waajal, ngir gatandu pexe ya ñu war a tëral, ngir gësam bànqaas yépp, rawatina yi féete ci diwaan yi ; waajal na itam jumtukaay yu yees di saytooji ak soppi doxin walla doxalinu campeef yi, ngir lépp mën a ànd di dem jëm kanam. Lépp nag dafa war di feeñ, gannaaw ci wayndare wi la màcce, ci yëngutey nguur gi, maanaam cig nafaam.

Fii nag, am nanu yaakar ne dina baax nuy fàttaliwante jéego yi nu def ngir sos/taxawal wayndare/xét wi ñeel pexe yees tëral ngir wàññi ñàkk gi, ak fi ñu jaar fépp.

I./ Waajalug Wayndarew Pexem Waññi Ñàkk Gi (W-P-W-Ñ.) : Yaatalees na way-bokki liggéeyam ci kaw (nguur gi) ba ci suuf (ñi ci goxaat yi).

Amul xejj, amul seen ; ñi ci bànqaas yi nguur gi yilif ak ñi ci bànqaasi nguur-moomtil, ñi ci kuréli bokktil yi, ñi ci kaw ba ci suuf, farandoo yi taxaw ci yokkuteg réew mi, ñépp, ñépp la nguur gi soxla woon seen xalaat ba tax mu woo leen, kenn ku ci nekk cib tolluwaayam ak i definam, ngir mu jóo loxoom ci liggéey bi.

Mbir maa ngi tëdde ci ñetti xaaj:

- **Pàccu waajal**

Tëralin wa, fii, mooy : xàmme kuréli bokktil yépp. Waaye mbir mi du loolu kese ndax, fàww ñu lëkkale loolu ak æàbb tànk dem seeti leen, kurél bu ci nekk ngir waxtaan, ngir diisoo ak ñoom ci cëslaayi ***wayndarew pexey wàññi ñàkk gi*** ; jeexul de ndaxte fàww ñu yee kurél yi ci li seen taxawaay mën a jur ci liggéey bi, ngir kenn bañ ci tayel walla di ko ñàkke fayda. Farandoo yiy jàpple ci wàllu yokkute ak bànqaasi nguur gi, ci lañu bokk ñoom itam.

- **Pàccu xalaatin ñeel tëralinu costeg wayndare wi**

Lu ëpp 200 nit ñuy yëngu, ku ci nekk ciw wàll ñeel koomu réew mi ak nekkinu askan wi, ci kaw ba ci suuf, ci liy doxal réew mi, ñii ñépp ñoo bokkoon ca lël ba ubbi liggéeyu /tabaxinu/costeg wayndare wi. Bànqaas yi nguur gi yilif ñu nga fa woon ; kurélu bokktil baa nga fa woon, maanaam Oo-En-See yi, kuréli ñaxtukat yi (sendikaa yi), gurubmaa jigéen ñi, daayira yi, kilifay aada yi, mbootaayi way-wàññiku yi, kurél yiy tàggat ak a gëstu, taskati xibaar yoy nguur geek moomtil yi, kuréli beykat yi, boroom xalaat yu ñaw yi, ñii ñépp a bokkoon. Waa bérébi moomtil yi, farandoo yi ñuy jàpple ci lu jëm ci xaalis walla ci xarala, ñépp a nga fa woon.

- **Pàccu nas ngir taxawal wayndare wi**

Xeeti way-jàpple yépp a dugal seen loxo, bu baax, ci wayndare yu ndaw-ndawaan yiy dooni cëslaayu « tabax bi »/ liggéey bi.

- Ñi doon taxawal réew mépp, ci juroómi géew lañu leen tasoon ; géew bi ci nekk am xalaat bu ñu ko dénk ngir mu waxtaane ko , ngir mu toj ko, wax ci gis-gisam ; géew bu ci nekk, 50 nit ñoo ca bokk nekk, di liggéey ci li kuréli xaralay njawriñ yi bind, ak li waa kurélu bokktil bi bind ak li ñaw-xalaat yi bind. Lii lépp ciy géew yu soloo weccante xalaat lay mujj, ngir ñu ànd tërale fa pexe yi ak yi ëpp solo.

- Ñi doon taxawal diwaan yi, goórnóor yee leen doon jiite. Gannaaw sarwisi diwaan yi, ñii ñoo ca bokkoon : dipite yi, njiiti koñsey riraal yi, njiiti bokk-moomeel yi, mbootaayi kurélu bokktil bi ëmb : mbootaayi beykat yi, yoy ndaw ñi, yoy jigéen ñi, yoy mage ñi, yoy lafañ yi ... ; ñoom suuperefe yi ak sàrwis yu xarala yi, ci lañu woon, ñoom itam.

- Jeexitalu waajaay wii wépp mooy lël bi matale réew mi, ngir ànd dëggal liggéey bi ñu bokkoon sumb. Ñaari téeméer ak juroóm-fukki nit ñoo bokkoon daje, ñii fii, ñee fee, ngir ànd dëggal wayndare wi tënkandi liggéey bi kurélu xarala bi soloo woon.
- Ñàkk gi ni muy feeñe ak li koy sabab :

Ni mu bindoo ci Senegaal dafa yéeme. Xoolal rekk gëstu bi nu jëkk a def ci 1994, te mu jëmoon ci « am-am ak la ñu cay dunde », dafa fésal njaboot yi ñàkk gi song, ñu tolloon ci 57,9 %. Ci atum 2001, wàññiku na as lëf, ndaxte 53,9 % la woon. Li wóor te wóor mooy : jeexitalu gëstub 1994 wuute na ak beneen bi nga xam ne këroo-kër lañu ko defe ; boobu moom

65 % la génne ne ñooy way-ñàkk yi ; ci geneen wet ba tey, ci liggéey bu mujj bii, 23 % ci njaboot yi ñu laaj dañu ne ñoom ay ndóol lañu.

- Ñi ñàkk gi song, fan lañu dëkke ? xanaa ci kaw gi, rawatina ci gox yi féete ci diggu réew mi, ci Bëj-saalum ak ci penkub Bëj-Gànnaaru réew mi. Ñi ñàkk gi song, te ñuy ay boroom kër, jàppal ne seen am njàng demewul noonu/soriwul. Xoolal rekk : ci ñi ñuy wax nii, 89 % yi jànguñu ; 8 % ya, ngàng mu yemaay lañu jàng.

- Ñi ñàkk gi song ñooy boroom kër yu bariy nit (njaboot gu rëy/yaa/bari). Njaboot yi ci xaw a tane ñu ngi am 8 nit.
- Ñi ñàkk gi song, boroom kër yu góor yee ëpp yu jigéen yi : góor ñi 67,4 % ; jigéen ñi 58,8 %.

*** Li sabab ñàkk gi**

Bokk na ci njaay-doole ak yaradiku/xamadi reewande/ mbon. Ñi ëpp ci ñi yoon teg loxo, ñu ndaw lañu. Ñi ragalul a rey nit (1,8 %) ak ñiy bett-song te ñu tëdd kaso, xale yee ci ëpp. Xale yiy yalwaan mat nañu 100 000. Gëstu bu ñu defoon ci atum 2000, te mu jëmoon ci caga ji wone na ni ati caga ji mu ngi tollu ci 28 at. Xale yi amagul 15 at te ñu leen di liggéeyloo. Ñàkk a aar kéew gi, dara la ci, rawatina bi ci maral wi bokke.

II./- Pexem xeex ñàkk gi

Pexe mii de xooju na ci gisinu Nepàdd ak ci pexe yi nu nas ngir waajal fukk-bi-tëralin ñeel yokkuteg koom ak gog nekkinu askan, lépp jëm ci réew mi diggante 2002 ba 2007. Ngir xeex ba nasaxal ñàkk gi, jëmuwaay yii lañu war a teg bët :

i) fexe ñaaral-ca li kenn ku nekk di am (atoo-at) fileek 2015, mu ànd ak yokkute gu kawe, gu yemb te tas ci askan wi , ni mu gëne/ware.

ii) balaa 2010, fexe ba kenn ku nekk mën a faj say aajo/soxla, gannaaw ba ñu yaatalee béréb ya leen soloo ;

iii) fanq lépp luy xeetoo ak ug boddante, yemale góor ak jigéen ci wàllu njàng mi jëkk ak ma ca topp, file ak 2015. Mbootaayu xeet yi tëral na ay pexe ak i jëmuwaay, ngir wàññi li ñu réew yu am doole yi rawe, fii ak 2015. Jëmuwaay yooyu ñooy yoy junni-bi-at ci wàllu yokkute, ngir xeex ñàkk gi ba fa mu doon « benn » mu doon fa genn-wàll, fii ak 2013. Lii daal moo war doon sunu jëmuwaay, doon itam sunu suqalikukaay ci wayndarew xeex ñàkk gi nga xam ne gisul/déggul lu dul:

- Wàññi ndóol gi
- Fexe ba nit ñi mën di faj ni mu ware seeni aajo/soxla ci wàllu : ndox mu sell/laab ; wérug yaram/paj ; sellal dëkkuwaay yi, njàng.

- Yemoob góor ak jigéen, ...

2-1- <u>Yoonu liggéey xaalis</u>

Pexem liggéey xaalis ngir fanq ñàkk gi ci taax yi ak ci kaw gi ci lii la mën a wéeru :

1) yokkute gu dëgër ci wàllu koom, maanaam yokkuteg /màggub koomu réew mi am solo, day it ngir jeexital am maanaa mu yaatoo-yaatu ci wàllu sakkan, ci biir réew mépp te tas ci biir diwaan yi.

2) yokkute, maanaam màggaay boobu cëslaayam na doon bànqaasi liggéey yuy suqali am-am, di ko suuxat itam, ci taax yi ak ci kaw gi ;

3) màgg, maanaam yokkute googu na doon guy meññ i xey (liggéey), te mu bootu ci jiwu alal ak njaayum bitim-réew. Pexe mu mag mee mag-a-mag, te muy jur xaalis, dañu koy wékk ci bànqaasi liggéey yuy meññ ak ci njiwum xaalis mom

bànqaasi moomtil. Lépp nag dafay ànd ak lu koy gunge ci wàllu koom ak ci wàllu nekkinu doom- aadama wuy sawarloo moomtil bi.

Bokk na itam ci liy gunge meññin woowu njaayum bitim-réew mi (wirgo walla liggéeylu) te muy jur njariñ lu kawe, lu mën/war di yokku rekk ak lu am solo ci wàllu njiwum xaalis.

2-2- Di yokk mën-mën yi ak di taaral liggéeyu béréb yi ñuy defaroo/faje aajo yi /faje soxla yi

Am béréb yu ñuy faje soxla yi, lenn la ; leneen li mooy yaatal leen, tas leen ni mu gëné ci biir réew mépp, ba ñépp mën ci jot. Béréb yooyu ñooy fi ñuy jànge di fa yare, fi ñuy fajoo, ndox mi doy (te sell), dem ak dikk it yomb. Ngir loolu àntu, deesut xeeb walla bàyyi bépp jumtukaayu jokkoo (tiyaatar, senemaa, nataal, pentiir ...) ngir yëgal, ngir yeete ci fànna yépp.

- Yaakaar doom aadama te di yokk ay mën-mënam

Li ñu tëral/nas ci fukki at yii ñeel njàng ak yar, ba 2010, te muy gindi nguur gi ci wàll woowu, door na/tàmbali na 1998. Lu bees la ngir jëme kanam njàng ak yar ci réew mi ; ñi ciy jàpple nag ñooy: farandoo yi ci wàllu xaalis, waa bokktil yi, campeef yeek kurél yi soloo njàng ak yar, ngir jóo ci lu koy yokk/yaatal, muy gën di baax. Leneen li ci rax ngir mu gën a taaru ci fànna yépp mooy li nu tëral te tudde ko ***: ñépp ci njàng mi.***

Ngir yaakaar bañ a tas, porogaraamu fukki at yii (fii ak 2010) jëmuwaay la ci li nguur gi sóor ne mooy tax ñu matale fépp ak ci ñépp njàng mi. Nañuy bàyyi xel nag néew-ji-doole yi, njàngum xale yu jigéen yi, njàngumdabe mi (ñi duggul woon lekool), xeex ñàkk-gi-jàng, rawatina ci jigéen ñi, di fexe ba lépp yemb ci biir diwaan bi ak ci diggante taax yeek kaw gi. Fii nag, waaru ndaw ñeek jigéen ñi la : bàyyees/dénkees na leen ko (ba xam).

- **Wérug yaram**

Tëralinu réew mi ngir yokk wér gi, te mu gàppu ci 1998-2007, jeexitalam mooy gën a taneel nekkinu askan wi, wàññi ñiy dee, rawatina ci liir yeek seeni yaay.

Tëralin wi dafay :

1) jàppandil néew-ji-doole yi bérébi fajukaay yi ;

2) yaatal, yokk bérébi fajukaay yi, rawatina ci kaw gi.

3) yokk cet gi, di sellal lépp, fépp, ci kaw gi ak ci pegg taax yi.

- **Dëkkuwaay bu « yiw » te sell**

♦ **Ndox mu sell**

Pexe yi ñu tëral ñooy :

1) ndoxum foraas bi mën a yegg ba ci dëkk yi ko wër yépp, te seen sorewaay tollu ci 5 km ;

2) yaatal yooni ndox yi bawoo ci foraas yi, ñu def ay sélébeyoon, ba faf jokkale ay foraas ;

3) ubbi yoon yiy tax ba nit ñi mën di am ci biir dëkkuwaay yi, ci biir kër yi ndox mi ñuy soxla ;

4) gannaaw ndox mu sell la, la ko wër it na sell, rawatina ci kaw gi ;

5) di saytu ni mu gëne rafet jumtukaay, matuwaay yi æank ndox mu sell mi ;

6) di fexe ba « laabal » ndox mu xorome mi ci yenn gox yi amagul foraas ;

7) nawlu pexey kàttanal, moo xam yu bees yi lañu walla yi ñu mën a yeesal, te ñuy jàpple ci liy doxal motëeri jumtukaay yooyu.

♦ **Yéwénal dem ak dikk bi**

Liggéey bi jëm ci wàll wii, lenn la ci liy màggal koomu réew mi, di xeex ñàkk gi, di aar kéew gi.

Cëslaayam mooy mépp pexe muy jàppandil dem ak dikk bi ci diggante dëkk yi, ak ci diggante réew yi, maanaam muy

jokkale réew yi. Ñaareelu sumbam bii, mu ngi door/tàmbali keroog 31 desàmbar 1999.

Pexe yi mu tëral ñooy :

1) yokk ko ndëgërlaay ci wàllu campeef, yeesal it kurél yi ko æank, yokk mën-mën aw tëralinam, aw doxalinam, aw nasinam ak nees di saytoo ay campeefam :
2) di toppatoo ak a jagal yoon yeek ñ.s. rawatina raayi saxaar yi ;
3) yokk taxawaay bi moomtil bi am ci caytu gi ak njiwum xaalib bi ci wàll wii ;
4) mottali pexem dem ak dikk bi ci kaw gi, te loolu porogaraam bi matale réew mi ci wàllu yoon ci kaw gi moo ko sàlloo.

♦ Caytug cuuxatum mayi Yàlla yi ak gog kéew gi

Fii nag, tëralin wi nii la :

1) di aar, di dekkal ak a suqali cuuxat mi dëgëragul ;
2) di aar ak a sàmm gàncax gi mën a màgg ci biir kéew gu yemb,gu mën di meññ (dekkal suuf si) ;
3) gën a taxawu caytug suuf ak àll yi ñu aar te di ko awale ci jagalinu suuf / dénd yi ak ni ñuy jëfandikoo suuf yi ;
4) yokk cellte gi ak di gën a rafetal coppalinu mbalit mi.

♦ **Cellte gi /sellaay bi**

Ngir joti sunuy jëmuwaay pexe mi nuy tëral dafay soxla ñépp bokk ci :

1) yeete bi aw ci : yëgle ; njàng ak yar ; jokkoo ;
2) yokk mën-mën ak xam- xam jëfkat yi ci liggéey bi ;
3) xamal askan wi ne moo yilif, moo jiite liggéey bi ;
4) di layal ci anam bu wér li ñu jot a def, di ko awale ci yoonu jokkoo.

- **Yaakaar askan wi ak rafetal yorin wi**

Bu yorinu li ittéel askan wi rafetee/leeree, bu ñu mënee taxawal ngir muy yokk bànqaasu moomtil bi, lëkkale kook yelleefu doom-aadama, lii lépp mooy yaakaaru askan wi, te moo mën a cuq yokkuteg koom gi.

2-3 / Gën baaxal/Taneel nekkinu mboolooy way-néewle yi

Néewle mooy lan ? xanaa aw nekkin wu, ku mu dab dafay wone sag ñàkk, walla doyadi gu sa am-am doyadi, ba tax ki mu dal du mën a faj i soxlaam, te sax yenn saa yi mu di ko weer fàææ. Néewle mën na dabe, mën na saxe itam. Kon, su nu bëggee taneel nekkinu way- néewle yi, dañny:

i) taneel paj mi te saxal ko ci kaw gi, rawatina ci lu jëm ci xale yi seeni wayjur néewle, yombalal leen itam seenum paj (garab yu baax ci njëg gu yomb), rawatina ci diwaan yii : Koldaa , Njaaréem, Fatig ak Luga ;

ii) màggal bu baax lépp lu jëm ci wérug yaramu yaay ak doom ;

iii) saxal dàkk porogaraam bu yaatu bi jëm ci wàllu ñàkk yi (Pee.E.Wee) ak biy xettali xale yi te jëm ci wàllu lekk ci kaw gi.

2-4- Doxalinu pexe mi.

- Ponk yiy ànd ak doxalin wi

Ngir doxal pexem wàññi ñàkk gi, ponk yi ñuy gunge ñooy : jegewaay bi, di deflu/liggéeyloo; doxalin wu leer nàññ; ñépp dugal ci seen loxo; ñépp bokk ci yem; ñuy mottalante; bokk lu ñu bëgg ak fu ñu jëm. Kon fi ñuy dogale doxalin wi, warul a sore ak fi way-jagoo yi dëkke.

Nguur gi na xam ne xeex ñàkk gi, fàww ñeneen dugal ci seen loxo : mbooloo tund yi, waa kurélu bokktil yi ak waa moomtil yi. Di seet, di natt liggéey bi, li des ak matuwaay yi,ba ku nekk xam ci sa wàll ak sa cër, lu mënul a ñàkk la. Ñi tax ñuy xeex ñàkk gi, wareesut a dogal lenn ci seen gannaaw. Ñépp a ci bokk yem, amul góor amul jigéen, amul

xejj ak seen, rawatina ci doxalinu pexem xeex ñàkk gi, ci fànna yépp itam.
Bu dara yéex, te lépp nay leer, moo xam ci wàllu génne xaalis la, walla muy ci dénkaane ab liggéey ak ci anam bees koy defe. Lépp a war a leer, tegu ci yoon (wu jub).
Di mottalante, ngir bokk fu ñu jëm mooy tax alal ji ñu sóob ci xeex bi ak matukaay ak jumtukaay yi ñu peeg yépp amal njariñ askan wi.

- Jumtukaay yi ak feem yi ñu tëral, ngir doxalin wi àntu Wàll walla pàcc bu ci nekk, lenn la ci ñummu pexem xeex ñàkk gi. Kon dara waru cee diis, lépp a war a woyof, yomb a doxal, jokkoo ak lëkkoo gi yomb. Loolu mooy tax boroom alal yi (ñoo nga bitim réew, li ci ëpp) di xam fan lañu war a gën jàpple.

Ci lu mënul a yàgg, nguur gi dina yaatal pexe mi nu tëral, ngir yoonal xaalis bi muy jagleel njàng/yar ak bi jëm ci wérug yaram, te yit mu dëppoo ak li yoon tëral/nangu ci biir/ diggante réewi àddina sépp.

- Campeef yi æank doxalin wi, li jëm ci toppaatu ak nattub lees tëraloon ci xeexub ñàkk gi

Li ñuy séentu ci aji-jëf ju nekk mooy mu wóor ko ne porogaraam bi yegg na fa mu war a yegg, maanaam yegg na ci askan wi ko soloo, askan wi ko yeyoo, askan wi ñu ko jagleel. Ndekete kon mbir mi ëmb na ñaari feem : aw tëralin ak pexem doxal.
Ab kurél bu tudd ndaje mu ñeel lenn ciy jawriñ yu soloo di gindi ak di dogal. Ndaje moomu dina am jotaay lu mu néew-néew benn yoon ci at mi, ci kiliftéefu Jawriñ ju Mag ji.
Ab kurél bu matale réew mi, buy doxal pexem wàññi ñàkk gi, te jawriñ ji soloo koom ak koppari réew mi jiite ko. Mooy wax ak boroom xaalis yi ne biti ak way-jëf yi ci réew mi, yoy diwaan yi ak yoy goxaan yi. Mooy saytu
matuwaay yi war yépp, ci jamono ju nekk.

Ab kurél bu matale diwaan bi, te mu solo doxalinu pexem wàññi/xeex ñàkk gi. Goónóor bee koy jiite, te mooy jébbal kurél bi ko féete kaw, at mu ne,kayit/rappoor bu jëm ci dayob liggéey bi, ak li ñu ci jot a def. Kurélu diwaan bi sooloo yokkute gi mooy doon ndéeytéef li.

- **Ni xaalis bi di deme/dugge ci liggéey bi**

Li ñu war a def lépp, ñiy jëf dëggal ko, te li ñu dëggal di luy amal njariñ/solo askan wi, ci li muy xeex ñàkk gi, loolu lépp bokk nañu ci juboo, ànd ci, tënk ko ciw xét. Xaalis biy àntul liggéey boobu, xayma nañu ko moom itam, méngale ko ak li teew (ci xaalisu réew mi). Su xaalis bi matul/doyul, la nguur gi di jóg, dem « toppatoo » li des.

Doxalinu pexem xeex ñàkk gi ci réew mi laaj na yokk-loxo

ci atum 2003 : 107.5 milyaari seefaa ;

'' '' 2004 : 120.2 milyaari seefa ;

'' '' 2005 : 142.6 milyaari seefa

Ci at yooyu, mu ci nekk, li nguur gi dugal tollu na ci : 12.7% ; 13.4% ; 14.4 %.

Liy doxal, di gunge tëralinu liggéey bi tollu na ci : 9 milyaari seefaa ; 10.4 milyaari seefa ak 11.5 milyaar ci 2003, 2004 ak 2005.

Lépp nag, 80 % ya ca kaw ga la jëm, 20 % ya des ca taax yaak seeni jegeñaale, ci lu jëm ci yar / njàng, wérug yaram, am ndox mu sell, cellte ak mbey mi.

- **Loraange yi mën a am ci doxalinu pexe mi**

Ñett lañu ci séentu : fitna/jafe-jafe/musiba mu am bitim réew ba tax dunu mën a yeggale sunu jëmuwaay;

- ñàkk a mën a lal pexe yiy tax ba xaalis bi teew te war a mën dugg ci liggéey bi, du sotti ndax mbiri kayit kese ;
- xaalis bi bañ a yegg ca ña ko yello, maanaam mu bañ a yegg ca ña ñu ko jagleel (dees koy seet ba xam ne lu am la).

Liy saafara lii (daal) mooy ngëm gi, maanaam fas yéene dimbali.